

Pwotokòl Akò
Pou Nouvo Akò Kolektif pou Negosiyasyon
pou peryòd 1ye Septanm 2021 rive jiska 31 Out 2024 la
Ant Sendika Pwofesè Boston yo, Local 66, AFT-Massachusetts
ansanm ak Kominote Lekòl Vil Boston nan

Pwotokòl Akò sa ("MOS") pase ant Sendika Pwofesè Boston yo, Local 66, AFT-Massachusetts ("BTU" oswa "Sendika" a) ansanm ak Komite Lekòl Vil Boston nan ("Komite"), defason kolektif, "tyès pati yo" epi ladan l, w ap jwenn tèm ki nan nouvo akò kolektif pou negosiyasyon an.

Sitou, nan dat 13 Jiyè 2022 a, pati yo te rive pase yon akò prensipal ki depann de ratifikasyon manm BTU yo ansanm ak apwobasyon Komite a. Akò sa kouvri peryòd twa (3) lane a ki sitiye ant 1ye Septanm 2021 rive jiska 31 Out 2024. Sa ki vini annapre yo se chanjman nan akò a ki date 1ye Septanm 2018 rive jiska 31 Out 2021. Sof pou pwovizyon ki dekri anba yo, pati yo dakò pou tèm ak dispozisyon akò 2018-2021 yo pwolonje san modifikasyon pou peryòd ki sitiye ant 1ye Septanm 2021 rive jiska 31 Out 2024.

1. Jou Konje (anvigè 1ye Septanm 2022)

1. Revize Atik V E. 3 nan kontra pwofesè pandan w ap ajoute Juneteenth nan lis jou konje yo epi w ap chanje Jou Kristòf Kolon an an Jiu Pèp Endijèn.
2. Revize akò Espesyalis ABA a pou ajoute Juneteenth epi endike menm jou konje yo menm jan sa fèt nan kontra pwofesè a.
3. Revize Atik III ki nan akò parapwofesyonèl la pou ajoute menm lis jou konje ki nan kontra pwofesè yo.
4. Ajoute nouvo Atik III C a nan kontra ranplasan yo epi modifye seksyon ki vini annapre yo:
C. Jou Konje ak Vakans
Ranplasan ki travay nan gwoup/etablisman yo pral toujou pandan vakans lekòl ak semèn konje yo. Endike jou konje yo menm jan sa fèt nan lòt kontra yo.

2. Fèt Relijye (anvigè 1 Septanm 2022)

Ranplase Atik VIII Q. 5 (d) "Fèt Relijye" ki egziste a avèk sa ki vini annapre a:

Fèt Relijye:

Komite a pral gen pou l bay anplwaye ki obsève fèt relijye ki tonbe nan jou ki gen lekòl yo jiska de (2) jou san yo pa pèdi peman yo oswa konje pèsònèl yo. Biwo Ekite a pral mentni yon lis jou fèt relijye yo apwouve otomatikman yo. Ou kapab fè demann ki konsène lòt fèt relijye yo nan Biwo Ekite a.

Anplwaye ki gen entansyon pran yon jou konje yo konfòmman ak dispozisyon kontra a pral gen pou yo enfòme sipèvizè yo a ansanm ak Biwo Ekite epi y ap gen pou yo idantifye jou y ap obsève a omwen dis (10) jou lekòl alavans. Si selon nati jou y ap obsève a, yo pa konnen dat egzat la sou dis (10) jou alavans, anplwaye a pral gen pou l bay yon notifikasyon sou dat apwoksimatif la. Si jou konje a tonbe nan dis (10) premye jou ane lekòl la, anplwaye a pral gen pou l bay yon notifikasyon disi jou vini avan premye jou lekòl elèv yo.

REMAK: Sa k mansyone ki anwo yo ap enkli tou nan kontra lòt inite negosiyasyon yo.

Epitou, sa se pa lang ki pral enkli nan kontra a men se lis jou fèt relijye yo apwouve otomatikman yo ki gen ladan yo men ki pa sèlman gen ladan yo: Rosh Hashanah, Yom Kippur, Eid al Fitr, Eid al Adha, Vandredi Sen Òtodòks, Nouvo Ane Linè, Jou Twa Wa, Diwali.

3. Diplòm nan Dwa

Revize dezyèm ak twazyèm paragraf ki nan Atik VIII D. 5 (c) a konsa:

Efase paragraf ki vini annapre yo:

Kredi oswa diplòm nan yo ap kreditab pou anplwaye ki te nan fakilte dwa nan dat yo ratifye Akò 1983-1986 la oswa avan sa a, epi ki dekwoche diplòm yo nan dwa nan dat 30 Jen 1985 la oswa avan sa a. Y ap toujou plase anplwaye ki gen yon diplòm nan dwa yo nan yon sèl kategori nan echèl salè a ki siperyè pa rapò ak kategori yo t ap ye si pa t gen diplòm nan. Depatman Resouzimen an pral gen pou l reponn tout demann pou apwobasyon davans pou kou yo atan.

Doktora nan Dwa: BPS dakò pou l verifye kantite pwofesè aktyèl ki gen Doktora nan Dwa yo pou li kapab detèmine fason ki apwopriye a pou l konpanse yo pou edikasyon yo.

epi ensere fraz ki vini annapre a:

“Anvigè 1ye Septanm 2022, y ap plase anplwaye ki gen yon diplòm JD (Doktora nan Dwa) yo nan kategori doktora a.”

4. WiFi

Ensere Atik VII A. 22 a ki gen pou tit “Wi-Fi”:

“Apati 1ye Septanm 2022, Edikatè yo pa pral oblije itilize pwòp koneksyon pa yo pou Wi-Fi pandan y ap travay apati oswa nan yon etablisman/pwogram BPS.”

REMAK: Ajoute menm lang lan nan toule 4 akò yo

5. **Evye nan Biwo Enfimyè yo**

Ajoute nouvo fraz ki vini annapre a nan Atik VIII A. 2 (b) a:

"Nan tout biwo/swit swen sante ap gen yon evye ki fonksyonèl."

6. **Ogmante To Kouvèti Parapwofesyonèl**

Amande Atik V A 8(c) a nan kontra inite pwofesè a epi amande Atik II A. 6. (b) a ki nan kontra parapwofesyonèl la pou, apati 1ye Septanm 2022, to kouvèti Parapwofesyonèl la kapab ogmante a \$13 pa èdtan pou tout Parapwofesyonèl k ap bay sèvi nan yon salklas pandan Pwofesè a absan. Nan fòm sa a, yo kontredi tout ansyen pratik kote yo retire parapwofesyonèl yo nan kouvèti ki mansyone nan Atik sa a, tankou sitou parapwofesyonèl ki nan Bibliyotèk yo.

7. **Pwogram pou Moun Ki Sanzabri**

Ajoute nouvo sousesyon d a nan Atik III H 1 an konsa: Vil Boston montre li gen kapasite l pou l reponn ak sityasyon sanzabri moun yo pandan l ap konsantre l sou pwoblèm nan ak pandan l ap rasanble patnè sektè piblik ak patnè sektè prive yo ansanm. Vil Boston ansanm ak BPS kolabore nan yon pwogram pilòt pou yo kapab loje fanmi ki sanzabri 1,000 elèv ki nan lekòl Boston yo ki gen plan pou ogmante sa jiska fen peryòd pilòt la pou loje fanmi jiska 4,000 elèv ki sanzabri yo. Nou pral travay ansanm avèk patnè pilòt yo nan objektif pou n elimine sityasyon sanzabri pou fanmi elèv ki nan lekòl Boston yo nan senk (5) an.

8. **Kredi pou Sèvis Parapwofesyonèl**

Yo pral kredite tout ane sèvis parapwofesyonèl ki travay nan lòt pòs yo nan BPS depi lè yo kòmanse travay antanke parapwofesyonèl, konsa:

Ensere Nouvo Atik III A nan akò parapwofesyonèl yo konsa (epi modifye seksyon ki vini apre yo):

A. Plasman pa Etap ak Avansman pa Etap

1. To Anbochman

Apati 1ye Septanm 2022, parapwofesyonèl yo fèk anplwaye pral gen tout ane sèvis yo antanke yon anplwaye BPS nan nenpòt pòs, ki konte nan ane eksperyans yo pou yo kapab detèmine to anbochman yo. Sitou, manm ki fè pati inite negosiyasyon Parapwofesyonèl yo pral gen pou yo resevwa yon ane kredi salè pou chak ane yo travay nan Lekòl Piblik Boston yo, kèlkeswa pozisyon yo okipe a.

2. Eskperyans Anplwa Boston

Epitou, apati 1ye Septanm 2022, tout parapwofesyonèl ki gen anplwa nan BPS yo, men si se yon nouvo anplwa, dwe plase nan nivo kontra a ki pi aplikab ak nivo eksperyans yo a; sepandan, depi plasman sa a p ap lakoz salè oswa revni yo diminye ni si li p ap anpeche okenn ogmantasyon fèt nan salè oswa revni parapwofesyonèl yo sof si sa dwe fèt konfòmeman ak kontra oswa jan Komite Lekòl la ofri sa a.

3. Konte yon Ane

Pou rezon Atik III A. 1. ak 2. a, yo pral gen pou yo kredite sen ven (120) jou lekòl pou chak ane lekòl kòm yon ane eksperyans anplwa.

9. **Ogmante Salè LATF**

(G 14 nan p. 108) Ogmante Salè LATF la a \$1,000 pou chak gwoup 25 elèv apati 1 Septanm 2022, endekse ane k ap vini an. Tablo a ap prezante konsa:

9/1/21	9/1/22	9/1/23
\$315.18	\$1,000.00	\$1,030.00

10. **Kredi Sèvis Entèn**

Revize premye fraz Atik VIII A. 3. (b) a konsa:

"Apati 1ye Septanm 2022, Pwofesè pwovizwa yo dwe resevwa kredi salè pou jiska twa (3) ane eksperyans ansèyman konplè ki satisfèzan andeyò sistèm lekòl la, ak pou tout ane eksperyans ki konplè anndan Lekòl Piblik Boston yo."

11. **Laptòp pou Aprantisaj**

Ensere pwochen nouvo Atik III M nan Kontra ABA a epi modifiye seksyon ki vini apre a:

M. Laptòp pou Aprantisaj

Pwiske laptòp yo vin disponib, Espesyalis ABA yo pral gen menm opsyon an pou yo patisipe nan pwogram laptòp L4L la nan menm fason ak pwofesè yo nan pwòp diskresyon yo.

Ensere pwochen nouvo Atik III F a nan kontra ranplasan an epi modifiye seksyon ki vini apre a:

F. Laptòp pou Aprantisaj

Pwiske laptòp yo vin disponib, ranplasan nan Gwoup/Etablisman yo pral gen menm opsyon an pou yo patisipe nan pwogram laptòp L4L la nan menm fason ak pwofesè yo nan pwòp diskresyon yo.

Ensere pwochen nouvo Atik III O a nan kontra parapwofesyonèl yo, epi modifiye seksyon ki vini apre a:

O. Laptòp pou Aprantisaj

Pwiske laptòp yo vin disponib, manm sa yo ki fè pati inite negosiyasyon parapwofesyonèl yo pral gen opsyon pou yo patisipe nan pwogram laptòp L4L la nan menm fason ak pwofesè yo nan pwòp diskresyon yo.

1. Ajan Lyezon Familyal

2. Kowòdonatè Chan Kominotè
3. Entèprèt Lang Siy
4. Parapwofesyonèl nan Domèn ABA
5. Parapwofesyonèl Espesyalis pou Bray ak Materyèl
6. Parapwofesyonèl nan Bibliyotèk yo
7. Lòt yo nesèsè ak lè kapasite a pèmèt sa a, jiska 25% nan inite negosiasyon parapwofesyonèl la.

12. **Ajan Lyezon Familyal**

Entegre Ajan Lyezon Familyal yo nan kontra a konsa:

- 1) Nan Atik I A a. –

Ajoute tèm "Ajan Lyezon Familyal" la nan premye paragaf la ki sitiye ant "kowòdonatè chan kominotè yo" al "entèprèt lang siy yo" [Paj 128]

- 2) Nan Atik II A a. –

Ajoute lang nan nen fen paragaf la:

"Manm ki fè pati inite parapwofesyonèl k ap travay kòm Ajan Lyezon Familyal yo gen pou fonksyon pou yo ankouraje angajman fanmi ak elèv yo nan lekòl la, BPS, ak nan gran kominote Boston nan." [Paj 131]

- 3) Nan Atik II A 6 a. –

Ajoute sa ki vini annpre yo:

"(d) Apati 1 Septanm 2022, Yo pa gen dwa mande oswa egzije okenn Ajan Lyezon Familyal pou yo travay kòm yon pwofesè ranplasan nan plas yo pwofesè yo fè konnen ki absan." [Paj 132]

- 4) Nan Atik II a. B. 3. –

Ajoute "Ajan Lyezon Familyal" yo kòm nimewo 16. [Paj 135]

- 5) Nan Atik II a. B. 5. –

Ajoute "Ajan Lyezon Familyal" la nan twazyèm paragaf la ki sitiye ant "Kowòdonatè Chan Kominotè" a ak "Parapwofesyonèl Endividyèl" la. [Paj 136]

- 6) Nan Atik II a. B. 6. –

Ajoute “. Gwoup 5: Ajan Lyezon Familyal la (Kategori Pòs 16) apre “. Gwoup 4: Entèprèt Lang Siy (Kategori Pòs 15)”. [Paj 136]

7) Nan Atik C. 1 a. –

Ajoute “6. Ajan Lyezon Familyal” la nan fen lis pòs yo. [Paj 137]

8) Apati 1ye Septanm 2022, Revize Atik III E nan kontra parapwofesyonèl yo, pou ajoute "Ajan Lyezon Familyal" yo nan twazyèm ansanm griy salaryal la, pou li " To Kowòdonatè Chan Kominotè a, Parapwofesyonèl Sante a, ansanm ak To Ajan Lyezon Familyal la"

9) Ajoute nouvo Atik II E a., ki gen pou tit "Ajan Lyezon Familyal" yo.

1. Jounen travay

Jounen travay pou Ajan Lyezon Familyal yo ap dire wuit (8) èdtan chak jou.

2. Ane travay

Apati 1ye Septanm 2022, ane travay la pou Ajan Lyezon Familyal yo ap dire 215 jou. Ane travay la dwe gen ladan 1 180 jou elèv la pase lekòl (pandan "ane lekòl" la), ansanm ak 35 jou andeyò ane lekòl la. De (2) dènye semèn pandan mwa Jiyè a pral rezève pou jou ki pa gen travay yo pou tout Ajan Lyezon Familyal yo. Anplwaye a ansanm ak Direktè/Responsab Lekòl la pral met tèt ansanm pou yo pwograme 35 jou andeyò ane lekòl la.

13. **Edikasyon Espesyal**

Angajman nan Edikasyon Enklizif

Efase Seksyon 2 nan Atik V A a. epi ranplase avèk sa ki vini annapre a:

Vizyon

Yo founi enklizyon an totalman lè tout elèv yo resevwa edikasyon nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an ak lè yo jwenn aksè ak kontinyòm sèvis ki konplè ki reponn ak bezwen envidyalize ak bezwen espesyal yo. Enklizyon an pa yon espas oswa yon pwogram. Tout salklas ki nan Lekòl Piblik Boston yo dwe enklizif.

Pratik enklizyon an fè referans ak estrateji pedagojik ak estrateji konpòtmantal yo ki amelyore rezilta akademik ak rezilta sosyal emosyonèl yo pou tout elèv yo, ni sa ki gen andikap ni sa ki pa gen andikap, nan anviwònman edikasyon jeneral yo. Pati yo pran angajman pou yo ogamnte pratik enklizyon yo ak opòtinite pou tout elèv yo kèlkeswa nivo bezwen yo.

Lwa sou Moun ki Gen Andikap (IDEA) yo egzije pou elèv ki gen andikap yo resevwa edikasyon nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an avèk ansèyman ki fèt defason espesyal, gras ak sipò apwopriye ki nesè pou yo aplike IEP a ak pou yo fè pwogrè ki efikas nan objektif IEP yo a, pa rapò ak sikonstans yo. Nou kwè ke tout elèv dwe se manm ki konplè epi ki aksepte nan komonite lekòl la epi plasman elèv ki gen andikap yo dwe dabò konsidere dwa pou yo resevwa edikasyon nan anviwònman edikasyon jeneral la ansanm avèk kanmarad yo ki jeneralman ap devlope yo. Edikasyon enklizif efikas la egzije yon nivo kolaborasyon ki elve nan mitan founisè edikasyon jeneral, edikasyon espesyal, founisè sèvis ki lye ansanm ak anplwaye sipò yo pou yo kapab aplike ak modelize yon kominote enklizyon.

Tout elèv ki nan BPS se dabò yon elèv edikasyon jeneral. Nou pataje tou yon kwayans komen ke reyisit ak opòtinite elèv nu yo se yon responsablite kolektif. Nou dakò tou pou n swiv tout atik, règleman, ak direktiv federal ak eta konsènan edikasyon espesyal la.

Tranzisyon nan yon Distri Enklizif

Pou tout lekòl yo, BPS dakò pou l omwen mentni anplwaye sal enklizyon ki deja la yo ansanm ak rasyon gwose klas la (ke yo kapab konsève nan CBA 2018-2021 an, règleman enklizyon 2018 la, oswa yon lòt akò oswa ansyen pratik yo etabli nan lekòl yo) jiskaske lè sa rive kote yo aplike nouvo konsepsyon klas enklizyon an.

Anyen nan akò sa pa pral afekte modèl enklizyon aktyèl la nan Henderson School sof si ak jiskaske lè sa rive kote pati yo dakò sou yon nouvo klas enklizyon epi yo aplike yo nan lekòl sa a.

Kòmantè Pwofesè a

- **Reyinyon IEP yo**
 - Y ap pran tout desizyon konsènan IEP yo atravè pwosesis ekip la konfòmman ak lwa eta ak federal la. Tout manm nan inite negosiyasyon pwofesè a ki sipòte yon elèv ki gen andikap ap jwenn envitasyon pou yo patisipe nan reyinyon ekip yo. Nan nivo sa posib la, Distri a pral founi kouvèti nan salk;as pou pwofesè ki patisipe nan reyinyon ekip IEP yo.
 - **Ekip Planifikasyon Enklizyon**

Tout lekòl yo dwe gen yon Ekip Planifikasyon Enklizyon ki pral travay an kolaborasyon avèk Ekip Lidèchip Pedagojik la. Premye ane a ap konsakre ak planifikasyon ak aplikasyon inisyèl. Dezyèm ak twazyèm ane a ap konsakre pou sipòte aplikasyon. Nan fen Ane Lekòl 2024-2025 lan oswa nan fen ane planifikasyon yo a ak de ane aplikasyon an, chaj ekip planifikasyon enklizyon an ka chanje pou yo ajoute sipò kontimi pou yo kapab devlope yon kominote enklizif ki solid.

- Manm BTU yo eli nan Ekip Planifikasyon Enklizyon yo pral resevwa jiska de (2) jou konplè kouvèti asirans pou Ekip la kapab òganize vizit gide, obsèvasyon nan klas, reyinyon, planifikasyon ak pou yo reponn ak enkyetid yo.
- Manm BTU yo eli nan Ekip Planifikasyon Enklizyon yo ka itilize jiska senk (5) jou pou yo reponn ak enkyetid yo prezante bay Ekip la. Responsab lekòl la pral detèmine orè fòmasyon pou pwofesyonèl kontraktiyèl yo, li pa dwe depase senk (5) èdtan nan gwoup la, yo ka ranplase yo pou travay Ekip Planifikasyon Enklizyon an.
- Se manm BTU lekòl la ki elijib yo k ap gen pou chwazi manm BTU ki fè pati ekip planifikasyon enklizyon ki baze nan lekòl la. Y ap konpanse manm BTU ki sèvi nan ekip planifikasyon enklizyon an nan to èdtan kontraktiyèl yo pou reyinyon adisyonèl yo andeyò de jounen travay regilye a ak ane travay la pou jiska 15 èdtan pou chak ane lekòl la. Lè yon lekòl gen yon pòs atan plen oswa atan pasyèl pou dirije pratik enklizyon yo (antrenè, kowòdonatè, elatriye), moun sa pral gen pou l anime ekip la. Fòk omwen 50% nan komite se manm BTU.
- Ekip planifikasyon enklizyon an pral gen pou responsablite pou yo fè rekòmandasyon bay Konsèy Sit Lekòl oswa Konsèy Administrasyon an sou pwèn ki vini annapre yo:
 - Planifikasyon ak Aplikasyon, tankou:
 - Devlopman Pwofesyonèl
 - Devlopman kilti ak eta despri
 - Pwogramasyon
 - Anplwaye yo
 - Estrikti kominikasyon, relasyon ak pwotokòl avèk sistèm SST/MTSS lekòl la.
 - Egzamine konpozisyon klas la ansanm ak modèl anplwaye yo nan lekòl la
 - Ekip Planifikasyon Enklizyon an ka chwazi yon reprezantan pou patisipe nan pati nan reyinyon kote yo p ap gen pou pran desizyon sou chak grenn anplwaye yo.
 - Soumèt rekòmandasyon nan reyinyon anyèl la ki fèt ant ekip lekòl la ak ekip biwo distri a pou revize anplwaye pou ane k ap vini an.
 - ILT a ak/oswa Ekip Planifikasyon Enklizyon an pral kontinye fè mentnans/evalyasyon pou pratik enklizyon yo:
 - Evalye reyisit ak difikilte yo
 - Ankouraje ak konsidere vwa ak eksperyans akyonè yo
 - Konseye direksyon lekòl la sou lakin ak bezwen ki genyen nan sa ki gen pou wè ak anplwaye ak lòt resous yo.
- **Sipò pou Ekip Planifikasyon yo:**
 - Distri a pral gen pou l kreye ak mentni yon manyèl sou pwosesis, pwotokòl, ak modèl yo, ki gen ladan yo konsèy sou fason klas la konpoze ak sou kantite anplwaye ki apwopriye, ansanm ak opòtinite fòmasyon pou sipòte ekip planifikasyon enklizyon ki baze nan lekòl la.

Sipò Akademik yo

- **Angajman**
 - Distri a pran angajman pou l asire tout elèv yo jwenn sipò akademik ki nesèsè nan kad MTSS la.
 - Distri a pral gen pou l mentni ak pibliye yon meni MTSS sou sipò yo mete ajou omwen yon fwa pa ane.

- **Sipò pou Anseyan Atitre a**

Anseyan Atitre a - Yo defini anseyan atitre a ki jere sa ki gen pou wè ak lang anba a kòm pwofesè salklas la ke yo asiyen pou elèv la pou chak pati nan jounen an. Nan yon lekòl elemantè, sa se souvan yon pwofesè salklas edikasyon jeneral. Nan yon lekòl segondè, sa souvan fè referans ak pwofesè matyè a pou chak peryòd kou yo anseye. Sa fè referans tou ak pwofesè prensipal yo nan kou de lang ak kou SEI yo. Lang ki nan seksyon sa pa fè referans ak anseyan atitre yo k ap travay avèk elèv ki nan klas ki pratikman separe yo oswa anseyan atitre yo nan lekòl lajounen yo.

Anseyan atitre a, an kolaborasyon avèk lòt edikatè ak founisè sèvis yo, responsab toit rezilta elèv yo nan klas yo a. Pou elèv ki gen IEP yo, anseyan atitre a pral founi ansèyman ki apwopriye a pou kad pwogram etid debaz la pou tout elèv yo.

Anseyan atitre a responsab pwogram edikasyon jeneral al epi li gen responsablite pou l founi akomodasyon. Anseyan atitre a pral kolabore avèk pwofesè edikasyon espesyal yo oswa founisè sèvis ki lye yo pou yo kapab asire yo reponn ak egzijans ki nan IEP elèv la, tankou modifikasyon pwogram eskolè, sipò pou konpòtman ak ansèyman dirèk ansanm avèk sèvis ki lye yo.

Y ap founi anplwaye nan salklas yo pou reponn ak egzijans IEP elèv yo. Pati yo rekonèt yo pa pral konsidere lisans doub/trip la kòm sèvis modèl livrezon sèvis debaz la epi yo dwe konsidere modèl ki gen omwen de edikatè yo kòm premye modèl pou reponn ak egzijans IEP elèv yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an. Pati yo rekonèt ke yon edikatè ki gen yon dezyèm lisans nan edikasyon espesyal oswa ESL pa elimine obligasyon Distri a pou l founi sipò lòt edikatè ki obligatwa nan IEP elèv yo ak/oswa pou avantaj ansèyman espesyalize a ansanm ak sèvis ESL yo. Pwofesè yo pral konfòme yo avèk lwa eta ak lwa federal yo konsènan enfòmasyon konfidansyèl elèv la pandan y ap sòlve enkyetid yo bay sendika a. Si sendika a afime yo p ap founi sèvis ki nesèsè yo jan IEP elèv yo egzije sa a, ebyen sendika a ka sòlve enkyetid li yo bay Ekip Planifikasyon Enklizyon an. Si sendika a afime Ekip Planifikasyon Enklizyon an pa rezoud enkyetid yo defason satisfèzan, sendika a ka vin sòlve enkyetid yo bay Gwoup Travay Enklizyon an kote dispozisyon yo ap dispozisyon final, alekri oswa kontrenyan depi li konfòm ak egzijans nan lwa eta ak lwa federal yo ansanm ak règleman yo konsènan edikasyon espesyal ansanm ak aprenan lang Anglè yo. Gwoup Travay Enklizyon Komite Lekòl la pral reyini omwen 10 fwa pandan

periyòd ane akademik la pou yo egzamine enkyetid yo ak pou yo gen yon repons avan pwochen reyinyon an. Ekip Planifikasyon Enklizyon ansanm ak Gwoup Travay Enklizyon an pa pral gen aksè ak enfòmasyon konfidansyèl elèv la.

Yon tan planifikasyon komen pou konsiltasyon ak kowansèyman esansyèl. Devlopman Pwofesyonèl (PD) kontini an enpòtan tou.

BPS ka kreye pòs ki baze nan lekòl la oswa pòs yo deplwaye defason santralize tankou antrenè, espesyalis, animatè, direktè oswa kowòdonatè ki santre sou sipòte ak aplike enklizyon ak sou devlope kad MTSS la nan youn oswa plizyè lekòl. Lè sa nesèsè, yo kapab se manm ki fè pati inite negosiyasyon pwofesè BTU yo ki gen yon salè ak kondisyon travay ki ekivalan ak pa yon konseye pedagogik. Moun sa ka anime ekip planifikasyon enklizyon lekòl la.

- Lè sa se yon wòl ibrid, responsablite ki pa responsablite lidèchip yo dwe konsakre ak sèvis dirèk elèv yo resevwa yo sof si se pa yon pòs BTU.
- Malgre lòt dispozisyon kontrè nan kontra sa a, moun ki okipe pòs sa a, pa dwe sèvi yon evalyatè pou manm BTU yo.

- BPS pran angajman pou l founi edikatè pou founi entèvansyon akademik (pa egzanp, pwofesè resous, pwofesè ESL, entèvansyonis nivo 2, elatriye.) konfòmman ak bezwen elèv yo ki nan lekòl yo a
 - Edikatè sa yo pral gen kòm responsablite pou yo founi sèvis akademik nan kad MTSS la epi yo pral founi sèvis yo dirèkteman bay elèv yo konfòmman ak rekòmandasyon SST ak ekip IEP a. (*Gade nòt sou alokasyon ki anba a*)
 - Distri a pral etabli ak mentni yon nimewo telefòn pou Edikasyon Espesyal la ki pral pèmèt ou gen opòtinite pou rapòte enkyetid ak/oswa vyolasyon ki lye ak edikasyon espesyal la defason anonim.
- Pou yon salklas ki gen 1.0 pwofesè kote pwofesè a ap itilize twa (3) lisans, kote de (2) ladan yo se pou edikasyon espesyal ak ESL, moun ki pral founi sèvis ESL pou elèv EL yo se ap yon pwofesè ESL ki pa anseyan atitre a, oswa moun ki pral founi Sèvis Edikasyon Espesyal yo se ap yon pwofesè edikasyon espesyal ki pa anseyan atitre a, sof si pwofesè a dakò epi li resevwa yon alokasyon 45 minit pa jou nan to èdtan kontraktyèl la.
- Lè yon elèv ki gen yon IEP fè tranzisyon nan Lekòl Piblik Boston yo pou pase de lekòl elemantè antre nan lekòl presegondè oswa pase de lekòl presegondè antre nan lekòl segondè, lekòl akèy la pral bay yon moun pou rankontre ak lekòl orijin nan lè y ap prepare IEP yo.

Fòmasyon pou Anplwaye yo

- Tout anplwaye dwe patisipe nan devlopman pwofesyonèl la pou tout distri a kapab avanse pandan yo gen menm konpreyansyon sou kijan n ap estriktire sèvis edikasyon espesyal yo. Sa t ap gen ladan l fòmasyon espesyalize pou Kowòdonatè

Edikasyon Espesyal yo, men li gen ladan l tou tout anplwaye, responsab lekòl, founisè sèvis ki lye, sikològ lekòl ansanm ak pwofesè edikasyon espesyal yo.

- Nou ankouraje lekòl yo itilize tan adisyonèl ki dekri nan Atik V E. 1. (a) 11 lan. pou sa ki gen pou wè ak devlopman pwofesyonèl ki gen rapò ak enklizyon yo. 10 èdtan ki dekri nan Atik V E .1. (a) 11 lan. ka pwolonje jiska 12 èdtan pou sa ki gen pou wè ak fòmasyon sou enklizyon (ki menm jan ak fòmasyon DOJ ESL la) Pou ane planifikasyon ak premye ane aplikasyon an sèlman, direktè a *oswa* responsab lekòl la ka pwograme lè sa a - men tan sa dwe konekte ak jounen travay la *oswa* ane lekòl la, epi yo kapab efekte lè sa yo an pèsòn *oswa* defason vityèl nan diskresyon responsab lekòl la. Pou ane lekòl 2022-2023 a, y ap pwograme lè sa disi ane lekòl la, epi se majorite edikatè ki sibi enpak yo ki dwe apwouve orè a. Pou ane lekòl 2023-2024 la, yo pral pwograme lè a disi fen ane lekòl 2022-2023 a epi y ap apwouve li atravè yon vòt majorite edikatè ki sibi enpak yo fè. Si administratè a ansanm ak kò pwofesè a pa rive atann yo sou yon orè pou devlopman pwofesyonèl la, yo pral gen pou yo ajoute douz èdtan nan fen ane lekòl la. Nan tout ka kote to pwopòsyonèl edikatè a enferyè ak to orè kontraktiyèl la, edikatè a pral gen pou l gen pou l touche nan to orè kontraktiyèl la pou lè sa yo.

Parapwofesyonèl yo pral jwenn envitasyon pou yo patisipe nan devlopman pwofesyonèl la epi yo ka chwazi fè sa volontèman epi yo ka konpanse yo nan to abityèl yo a.

Tan pou Planifikasyon

- Nou konnen planifikasyon ak preparasyon pwofesè yo enpòtan anpil. Nenpòt lè sa posib, nou pral travay pou n asire anseyan atitre yo ansanm ak pwofesè yo jan sa defini nan Atik I H la. gen tan pou yo planifye inite a ansanm ak leson an ansanm, ni pou yo fè aranjman ak modifikasyon pou asire elèv yo gen aksè konplè ak pwogram etid la.

- Nan lekòl ki gen nivo presgondè ak sa ki gen nivo segondè yo, pwofesè ki ofri tèt yo kòm volontè pou yo se pwofesè lyezon yo pral kolekte enfòmasyon ak kòmantè lòt pwofesè edikasyon regilye yo pou yo kapab prezante yo nan reyinyon sa a. Yo ka itilize de (2) nan peryòd administratif yo a pou yo kapab reyalize tach sa a.

- Si orè lekòl la pèmèt sa a, y ap akòde pwofesè ki reponn ak egzijans IEP elèv yo, pandan y ap itilize alafwa yon lisans edikasyon jeneral *oswa* lisans ESL ak yon lisans edikasyon espesyal, yon peryòd 48 minit adisyonèl pa semèn pou dokiman edikasyon espesyal yo, anplis de lè P&D ak lè CPT kontraktiyèl yo deja genyen yo. Si peryòd la pa disponib, yo kapab konpanse pwofesè a jiska 48 minit pa semèn.

Nòt sou Alokasyon Konsènan Alokasyon pou Entèvansyonis Akademik yo

- Nouvo entèvansyonis akademik sa yo (pa egzanp, pwofesè resous, pwofesè ESL, antrenè, espesyalis, animatè, direktè *oswa* kowòdonatè, elatriye, ki konsantre yo sou sipòte ak aplike enklizyon ak pou yo elabore kad MTSS la). Pou kòmansè, y ap atribue yo ak lekòl yo selon yon fòmil ki t ap pran an konsiderasyon kantite elèv ki nan IEP yo, kantite Aprenan Lang Anglè yo ansanm ak Endèks Opòtinite a. Epitou, yo pral konsidere nòt lekti yo ansanm ak entansite Sèvis IEP yo. Pati yo rekonèt yo pa pral konsidere lisans doub/trip la kòm sèvis modèl livrezon sèvis debaz la epi yo dwe konsidere modèl ki gen omwen de edikatè yo kòm premye modèl pou reponn ak egzijans IEP elèv yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an ansanm ak sèvis ESL yo.

Ajan Lyezon Edikasyon Enklizif

Pou ane lekòl 2022-2023 a rive ane lekòl 2026-2027 la, pati yo pral finanse yon Ajan Lyezon Edikasyon Enklizif. Ajan Lyezon an pral jwe yon wòl enpòtan nan aplike vizyon nou genyen an komen an sou yon distri enklizif. Pati yo pral dakò ansanm sou deskripsyon travay espesifik la, men responsablite yo pral mande pou yo:

- Ankouraje kolaborasyon pou jere travay pou sipòte vizyon an,
- Ede manm BTU yo reponn ak difikilte, kesyon, oswa enkyetid ki gen rapò ak edikasyon enklizif la ansanm ak sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ESL yo founi yo.
- Sèvi nan komite BPS la oswa gwoup travay ki gen rapò ak vizyon an jan sa apwopriye a.
- Dokimante rapò pwogrè yo chak mwa bay Sipèrentandan yo ki mete aksan sou domèn pwèn fò ak amelyorasyon bezwen ki gen rapò ak aplikasyon an.
- Kominike enkyetid edikatè yo ansanm ak kòmantè yo bay gwoup travay la
- Patisipe nan reyinyon Komite Lekòl la òganize yo lè sa nesèsè pou kapab disponib pou reponn kesyon yo.

Ajan Lyezon Edikasyon Enklizif pral okipe yon pòs BTU a reprezante epi y ap ba li ase espas pou l travay nan biwo santral BPS la pou sipòte kolaborasyon avèk Biwo Edikasyon Espesyal BPS la. Se BTU a ansanm ak yon moun yo deziyen nan Biwo Zafè Akademik la ki pral gen pou chwazi ajan lyezon an, depi Sipèrentandan apwouve seleksyon an. Ajan Lyezon an pral gen pou l bay Prezidan BTU a ansanm ak Sipèrentandan oswa moun li deziyen an rapò. Pati yo pral responsab pou yo peye 50% salè kowòdonatè sa kote se li ki pral 10% salè anplis Gwoup 1 an. Sipèrentandan an pral gen pou l deziyen yon moun pou yo evalye Ajan Lyezon an.

Gwoup Travay Enklizyon an

Komite Lekòl la pral kreye yon Gwoup Travay Enklizyon pou kontwòle pwogrè a ansanm ak aplikasyon edikasyon enklizif la nan Distri a. BTU pral benefisye omwen 50% plas nan gwoup travay la pou yo kapab asire yo reprezante anpil nan wòl edikatè BTU yo (pa egzanp, pwofesè edikasyon espesyal, parapwofesyonèl, nivo klas ki varye, founisè sèvis ki lye yo, COSE). Prezidan BTU an pral deziyen plas BTU yo epi y ap pran desizyon yo atravè vòt majorite a sou Gwoup Travay Enklizyon an. Si yo fè menm kantite vwa, se prezidan komite lekòl la ki pral chwazi moun ki eli a. Y ap anonse vòt yo byen avan reyinyon an epi tout manm yo dwe prezan pou yo vote. Sepandan, prezidan Komite Lekòl la rezève dwa pou l pèmèt yon deziyen lòt moun.

Gwosè Klas la:

Amande Atik V A. 1. (a) (p. 25) pandan w ap ranplase l ak sa ki vini annapre a:

- (a) Komite a ak Sendika a rekonèt dezi pou yo rive atenn kondisyon ansèyman aprantisaj maksimòm yo pandan y ap asire travay la posib selon gwosè klas la. Nan objektif sa a, Komite a rekonèt ke li posib pou souwete tante rive atenn gwosè klas maksimòm ki vini annapre a:

– 12 elèv nan kou art endistriyèl ki gen ladan yo elèv k ap swiv kou espesyal yo

Pou yo kapab atenn gwosè klas yo vize a, Komite a ansanm ak Sendika a dakò ke gwosè klas maksimòm ki vini annapre a dwe ann aplikasyon:

- 20 elèv nan kou endistriyèl
- 35 elèv nan edikasyon fizik nan lekòl presegondè ak lekòl segondè yo
- 20 elèv nan kou Imèsyon nan Anglè Pwoteje (SEI), Kou Bileng, ansanm ak kou ESL yo.
- Pi piti pase 25 elèv oswa kantite ki endike nan tablo ki anba a nan kou Imèsyon nan Anglè Pwoteje (SEI), Kou Bileng, ansanm ak kou ESL yo nan klas K2-12 avèk yon parapwofesyonèl.

Nan sal avèk pòs elèv espesifik yo (atelye, sal pou tape, laboratwa), kantite elèv elèv yo deziyen pou sal sa yo pa dwe depase kantite pòs elèv ki disponib yo.

Yo dwe anboche yon kantite pwofesè regilye ki apwopriye pou rann gwosè klas maksimòm ki mansyone avan an posib.

Gwosè klas la pou pwogram resous ak pwogram ki pratikman separe yo dwe konfòm ak Règleman Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Eta a pibliye yo.

Gwosè klas maksimòm lan nan kad Akò sa a dwe konsa:

	Kolòn 1	Kolòn 2	Kolòn 3
Klas	Gwosè klas pou lekòl ki gen yon ansanm popilasyon elèv apati 1ye Oktòb ki gen 6.5% elèv ki nan IEP oswa pi piti.	Gwosè klas pou lekòl ki gen yon ansanm popilasyon elèv apati 1ye Oktòb ki gen plis pase 6.5% elèv ki nan IEP.	BPS pral fè tout sa l kapab pou l rive gen gwosè klas sa li vize a nan lekòl yo avèk yon popilasyon elèv la apati 1ye Oktòb ki gen 25% elèv ki nan IEP oswa plis. Maksimòm nan p ap depase kolòn 2 a.
K0	Pa dwe depase maksimòm ki nan règleman eta a.	Pa dwe depase maksimòm ki nan règleman eta a.	Pa dwe depase maksimòm ki nan règleman eta a.
K1	22	20	Pa dwe depase maksimòm ki nan règleman eta a.
K2, Klas 1ye ak Klas 2yèm Ane	22	22	20
3yèm-5yèm ane	25	23	20

6yèm-8yèm ane	28	25	22
9yèm-12yèm ane	31	28	25
Chaj Travay Pwofesè Resous*	25	25	25

- Pandan Ane Lekòl 2022-2023 a, Ditri a pral fè yon revizyon pou l detèmine fason ki posib pou yo diminye sou gwosè klas yo nan lekòl yo nan Kolòn 1 an. Y ap pataje rezilta yo avèk BTU a disi fen Ane Lekòl 2022-2023 a.
- Apati 1ye Septanm ak jiskaske kontra a fini, pwofesè nan Lekòl Segondè k ap itilize toude lisans yo pa kapab responsab tès ak rapò SSC ki lye pou plis pase 13 elèv ki nan IEP. Gwoup Travay Enklizyon an pral egzamine pwoblèm nan nan depi sou premye ane travay li epi y ap fè rekòmandasyon bay Sipèrentandan an.
- Okenn salklas la pa pral gen plis pase 40% elèv nan gwosè klas maksimòm nan pou nivo klas la, selon tablo ki anwo a, elèv ki nan IEP yo ansanm ak kantite elèv ki nan IEP yo p ap depase 50% kantite elèv total ki enskri nan kou a.
- Apati 1ye Septanm 2022 e jiskaske kontra a fini, pou salklas ki gen plis pase 30% elèv ki nan IEP ki nan gwosè klas maksimòm nan pou nivo klas la, selon tablo ki anwo a, ekip planifikasyon enklizyon an pral priorize salklas la. Sa kapab gen ladan sipò pou tès, konsiltasyon pou konpòtman, sipò parapwofesyonèl, sipò anplis edikatè a bay ak/oswa lòt sipò jan pwofesè a ansanm ak ekip la atann yo sou sa a. Pral gen anseyan atitre a ak omwen youn nan moun ki vini annapre yo:
 - a .5 parapwofesyonèl la ak/oswa
 - a .5 pwofesè edikasyon espesyal la ki fè tès la epi ki founi rapò ansanm ak modifikasyon ki lye yo lè sa nesèsè ak/oswa
 - yon edikatè adisyonèl ki founi sipò pou sèvis dirèk bay elèv yo nan salklas la ak/oswa
 - yon solisyon edikatif ki apwopriye *jan pwofesè a ansanm ak ekip la atann yo sou sa a*

Epitou, distri a pran angajman l pou l plis eksplòre e petèt aplike lòt tip sipò ki ka nesèsè yo pou salklas yo ki gen plis pase 30% elèv ki nan IEP nan gwosè klas maksimòm nan pou nivo klas la selon tablo ki anwo a.
- *Pou ane lekòl 2022-2023 ak ane lekòl 2023-2024 la sèlman, chaj travay yon pwofesè resous pa dwe depase yon mwayèn lekòl 25 elèv alafwa pou chak pwofesè resous atan plen. Gwoup Travay Enklizyon an (IWG) pral egzamine ak fè pwochen rekòmandasyon sou chaj travay la ak chaj travay la pou pwofesè resous yo. Y ap fè rekòmandasyon bay Sipèrentandan an nan dat 1ye Desanm 2023 oswa avan sa epi Sipèrentandan pral detèmine chaj travay ki apwopriye a ansanm ak chaj travay pou pwofesè resous yo pou ane lekòl k ap vini yo.

Yo p ap retire elèv ki te nan yon lekòl avan ane presedan an nan lekòl sa pou yo kapab satisfè gwose klas ki mansyone nan tablo ki anwo a:

- Yo ka chanje gwose klas maksimòm sa yo pou yo vin nan gwose klas avan yo pou kèk elèv kapab rete nan lekòl yo a. Gen de (2) gwoup elèv ki kapab fè pati kategori sa a:
 1. Elèv yo fèk idantifye ki gen yon andikap yo
 2. Elèv ki te gen yon chanjman ki fèt nan sèvis yo epi ki bezwen yon nouvo devwa nan salklas.

Yo pa kapab mete okenn nouvo elèv ki pa nan lekòl ki deja egziste yo nan salklas yo pou yo depase nouvo kantite maksimòm nan pou "ranpli" plas sa yo pou depase nouvo gwose klas maksimòm nan.

Sizanka yo ta depase nouvo gwose klas maksimòm ki mansyone nan tablo ki anwo a nan kolòn 2 a pou elèv ki gentan nan lekòl la, administratè etablisman an ansanm ak pwofesè salklas pral diskite, de bòn fwa, sou solisyon edikatif ki apwopriye yo. Sa ka gen ladan l deziyasyon Parapwofesyonèl pou asiste pwofesè a, yon pwofesè adosyonèl nan sal resous, yon pwofesè ESL adisyonèl, yon diminyasyon nan dwa pwofesè genyen ki pa dwa ansèyman, elatriye, pandan y ap asire pwofesè gen yon gwose klas mwayèn an jeneral ki pa depase 85% maksimòm nan, ansanm ak mezi similè yo. Si yo pa rive atann yo sou okenn solisyon edikatif ki apwopriye epi pou yo bay li nan lespas 30 jou lekòl, y ap bay pwofesè a yon alokasyon pou chak elèv anplis konsa:

- Pwofesè ki anseye menm elèv yo pandan tout jounen an \$2,500 (endekse nan to ak diferansyèl yo) apati 1ye Septanm 2023/elèv adisyonèl/ane lekòl. Si gen de (2) pwofesè kote yo chak anseye menm gwoup elèv pandan mwatye jounen yo pataje, y ap pataje alokasyon an. Si gen de (2) pwofesè kote yo chak anseye menm gwoup elèv pandan yon pati nan jounen an, yo kalkile alokasyon an nan pworata.
- Pwofesè ki anseye kou endividyèl yo - \$500 (endekse nan to ak diferansyèl yo) apati 1ye Septanm 2023 pou chak elèv adisyonèl pandan chak ane lekòl. Si yon pwofesè anseye yon kou endividyèl ki dire yon peryòd doub, l ap resevwa \$1,000 pou chak elèv adisyonèl pandan chak ane lekòl.

14. **Plizyè Lisans:**

Nan Paj 73 la, chanje:

9. Eksè

Lè gen yon pòs ki egzije de (2) lisans, epi titilè a pa gen lisans ki obligatwa yo, yo ka voye pwofesè a ale poutèt li pa gen toude lisans yo akondisyon ke yo enfòmè l de (2) an alavans. Yo dwe ba yo de (2) ane annantye apre yo fin enfòmè yo alekri, konfòmeman ak delè anplwaye yo, pou yo kapab rive gen lisans ki obligatwa a akondisyon ke yo montre alekri chak ane nan yon pwosesis Biwo Kapital Imen an deziyen an dis 15 Janvyè ke y ap fè "pwogrè kontini," jan direktiv DESE a enfòmè sa a depi Jiyè 2022 epi ki enkli anba a, pou yo kapab rive reponn ak egzijans pou yo gen lisans la nan domèn kote lisans adisyonèl la obligatwa a. Pwofesè ki demontre pwogrè yo ki pa t rive gen lisans lan dis

31 Jiyè apre avi alekri a, y ap voye yo ale. Nan dezyèm Janvye ki vini apre avi a, yo ka mande Sipèrentandan an bay yon ane adisyonèl si yo kapab montre yo toujou ap fè pwogrè kontini.

(Ranplase tablo a avèk sa a:)

Pati yo dakò pou yo defini "Pwogrè Kontini" a konsa:

Anba a, w ap jwenn fason yon moun oswa yon distri nan non moun nan kapab itilize pou demontre pwogrè kontini.

Yon pwofesè dwe konplete omwen yon aspè nan egzijans lisans yo pou wòl la. Sa kapab enkli nenpòt nan sa ki vini annapre yo:

1. Pase yon Tès Massachusetts pou Lisans pou Edikatè (MTEL)
2. Pase yon soutès yon MTE: oswa youn oswa plizyè nan tach Evalyasyon Pèfòmans Lidè (PAL) yo
3. Jwenn egzijans ak apwobasyon Apwobasyon SEI a
4. *Atenn yon "kouvèti..." konpetans gras ak 10 Pwen Devlopman Pwofesyonèl oswa 10 èdtan eksperyans yo kontwole (gade Gid ak Fòmilè Egzamen Konpetans lan)
*Aktivite sa yo aplikab sèlman pou dokimante pwogrè pou kèk aplikasyon lisans kote sa depann de chwa yon moun pou konplete yon seminè, epi/oswa egzamen konpetans lan sitou obligatwa. Lisans ki mande yon egzamen konpetans yo se: Syans Jeneral 1-6, Istwa 1-6, Kilti Nimerik ak Syans Enfòmatis, Bibliyotèk, Andikap Modere, Andikap Grav, Pwofesè Moun ki Soud ak Sa ki Tande Di yo, Pwofesè Moun ki Gen Twoub Vizyon yo.
5. *Enskripsyon nan yon kou pou preparasyon MTEL ak pwogrè nan kou sa oswa achèvmant li oswa yon jefò ekivalan pou apwofondi konesans ak/oswa konpetans ki aliye ak objektif tès MTEL yo (pa egzanp, kou fakilte nan matyè a, seyans distri a dirije, elatriye)
*Y ap konte preparasyon MTEL la sèlman yon fwa kòm pwogrè kontini si pa gen yon tantativ pou pase tès MTEL la ki gen rapò ak preparasyon an.
6. Enskripsyon nan yon pwogram pou preparasyon ki apwouve ak pwogrè nan pwogram sa oswa achèvmant li
7. Deziyasyon yon ekspè/fòmatis nan matyè a ansanm ak sipò distri adisyonèl (pa egzanp, lè piblikasyon oswa ensantif finansyèl) pou founi omwen 25 èdtan fòmasyon ki espesifik ak kontni an nan salklas moun nan. Yo bay sipò sa anplis de tout sipò estanda pou inisyasyon ak sipò mantora yo bay edikatè premye ane yo. Dokiman sa t ap gen ladan yon lèt distri a voye ki dekri sipò ki an plas yo ansanm ak yon rejis lè yon moun k ap fè renonsiyasyon an ansanm ak ekspè/fòmatis yo deziyen pou matyè a siyen.

8. Tantativ adisyonèl MTEL oswa PAL, menm si yo pa rive pote fwi toutotan gen sipò an plas pou amelyore pèfòmans alavni an

- Nenpòt edikatè ki gen 25 lane sèvis oswa plis apati 1ye Septanm 2022, sou yon lisans Massachusetts oswa yo te resevwa lisans ansèyman yo avan lane 1998, pa pral gen obligasyon pou genyen yon lisans anplis.
- BPS pral ranbouse pwofesè yo jiska \$3,000 pandan y ap travay nan BPS pou depans yo fè pou yo rive genyen yon lòt lisans BPS egzije pou pòs pwofesè a, ki gen ladan l men ki pa sèlman gen ladan l sa yo k ap travay sou yon renonsiyasyon oswa lisans ijans. Pwofesè yo dwe jwenn ranbousman pou depans ki vini annapre yo: Kou pou preparasyon MTEL yon pwofesyonèl fè nan yon lis Biwo Kapital Imen an fè, tès MTEL, kou pou elèv ki gradye, frè lisans ansanm ak Powgram Pakou BPS yo, akondisyon ke pwofesè a soumèt resi yo bay Biwo Kapital Imen yo pandan ane fiskal la ki pwouve depans sa yo te fèt.

15. **Edikatè pou Granmoun**

Edikatè Adult Learning Center yo pral enkli antanke yon nouvo Atik V B. 14, renimewote annapre, konsa:

Anseyan yo nan Adult Learning Center yo enkli nan inite negosiyasyon pwofesè a epi yo dwe touche konfòmeman ak to orè salè Pwofesè yo, diferansyèl yo, avantaj pou sante ak byennèt yo, elatriye, jan sa dekri nan Atik VIII ki nan kontra Pwofesè yo.

16. **Evalyasyon Pèfòmans Pwofesè a: Règ 30 nan 30**

Ranplase 5yèm paragraf ki nan Atik V F. 11 lan avèk: "Kòmantè a dwe gen ladan l notifikasyon alekri apre nenpòt obsèvasyon ki fèt sa ki lakoz obsèvatè kwè pèfòmans edikatè a ka enferyè pa rapò ak konpetans li nan yon nòm oswa an total. Nan ka sa yo, apre obsèvasyon an dwe gen omwen yon obsèvasyon ki dire omwen 30 minit ki fèt nan yon delè 30 jou lekòl."

17. **Pwoblèm COSE/EPS.**

Ensere nan kòmansman Atik V B 8 la: "Chaj travay COSE la ansanm ak EPS ka fè objè negosiyasyon kontini yo."

18. **Anplwaye minimòm pou kèk gwoup**

Lekòl Piblik Boston yo pral kontinye kenbe rasyo nan tout distri a anvigè apati 6 Septanm 2022 jiska ane lekòl 2023-2024 la sa ki pral gen ladan l omwen gwoup ki vini annapre yo: Sikològ Lekòl yo, Konseye Pedagojik yo, Travayè Sosyal yo, Bibliyotekè yo.

19. **Kowòdonatè Lekòl Kominote Hub yo**

Revize Atik V B 9 la konsa:

Kowòdonatè Lekòl Kominote Hub yo pral touche konfòmeman ak twa etap ki vini annapre yo [ensere to pèman ki egziste a ajiste pou ogmantasyon yo]:

Salè

<u>Etap 1</u>	<u>Etap 2</u>	<u>Etap 3</u>
77 010	80 339	83 817

Kowòdonatè yo pral travay 8 èdtan chak jou lekòl epi ane travay yo ap bay 223 jou. Ane travay la dwe gen ladan l 180 jou elèv la pase lekòl (pandan "ane lekòl" la), ansanm ak 43 jou andeyò ane lekòl la. Yo pral pwograme 43 jou adisyonèl yo nan kolaborasyon ant Kowòdonatè ansanm ak sipèvizè yo a.

BTU a ansanm ak BPS pral kontinye negosiyasyon yo sou langaj, kondisyon travay, ak deskripsyon travay kontraktiyèl pou Kowòdonatè Lekòl Kominote Hub yo.

To peman ki mansyone anwo a depann de ogmantasyon salè yo jan sa dekri nan seksyon 20 ki anba a.

20. **Ogmantasyon Salè.**

1ye Ane a: 2.5%, 2yèm Ane a: 2.5%, 3yèm Ane a: 2,5%

Plis 2% diferansyèl peman pou enklizyon, nan 2%, 1ye Ane a: 5%, 2yèm Ane a: 1%, 3yèm Ane a: .5%

Tout Lekòl Piblik Boston yo enklizif. Pandan distri a ap avanse pou l rive kreye anviwònman ki gen mwens restriksyon pou tout elèv yo, sa ka mande pou yo pase men fèt nan responsablite ak obligasyon edikatè yo, tout kontra BTU yo dwe founi yon diferansyèl peman 2%.

To Salè ki Anvigè: 1ye Ane a: 3%, 2yèm Ane a: 3.5%, 3yèm Ane a: 3% To sa yo dwe endekse nan tout Salè, To, Vwa, Diferansyèl, elatriye.

21. **Repons rapid pou lòd travay**

Ajoute nouvo seksyon 3 a nan Atik VII D a: “Yon Repezantan Etablisman BTU nan chak lekòl pral gen aksè pou yo wè tabldò a, Asset Essentials, sa ki pral pèmèt repezantan wè ak kontwole estati lòd travay yo.”

22. **Mouvman ekite salaryal pou Antrenè Espòtif.**

Revize Atik V B 6 (f) la konsa: “Komite Antrenè yo pral detèmine yon mwayen ki baze sou règ pou ajoute antrenè espòtif yo ak/oswa pwogram espòtif yo ak pou yo fè rekòmandasyon bay Direktè Prensipal Espò a sou ajou sa yo .”

Revize fraz ki nan fen Atik VIII G 2 a konsa: “Pou Ane Lekòl 2022-2023 a ak Ane Lekòl 2023-2024 la, BPS pral alouwe jiska \$100,000 chak ane pou yo fè ajisteman nan salè antrenè yo, nan yon fason Komite Antrenè yo pral detèmine.”

23. **Ranbousman Frè Eskolarite pou ABA yo.**

Ajoute nouvo Atik III k a nan kontra Espesyalis ABA a epi modifye seksyon ki vini annapre yo:

K. Ranbousman Frè Eskolarite

Apati 1ye Septanm 2022, Espesyalis ABA yo ki rive konplete yon ane sèvis yo pral elijib pou ranbousman frè eskolarite ki egal jiska \$500 pa ane yo pou kou fakilte oswa kou pou

elèv ki gradye yo apwouve yo. Sou twa lane anplwa yo reyisi, espesyalis ABA yp pral elijib pou ranbousman frè eskolarite ki egal jiska \$1,000 pou kou fakilte yo apwouve yo jiskaske yo vin elijib pou yo resevwa prim pou karyè yo a.

24. **Pwosesis doleyans kontraktyèl nan lekòl otonòm yo.**

Ajoute nouvo seksyon X G a: “Modifikasyon pwosesis doleyans lan nan lekòl otonòm yo ak sa ki nan seksyon rezolisyin konfli a nan kontra BTU a pral fè objè negosiyasyon kontini yo.”

25. **Lekòl Endepandan Nivo 5 ak HM**

Nouvo Atik III F la epi modifiye seksyon ki vini annapre yo:

F. Horace Mann Charter Schools ansnan ak Lekòl Nivo 5 yo

Apati 1ye Septanm 2021, tout pwofesè nan Horace Mann Charter Schools yo ki travay pandan omwen tout jounen travay lekòl Orè yo pral gen to peman orè a kòm peman debaz.

BPS ansanm ak BTU a dakò pou yo apwoche ansanm Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè MA pou yo kapab ogmante to peman an nan Lekòl Nivo 5 yo.

26. **Konje Maladi pou Ranplas nan Gwoup/Etablisman yo**

Revize Atik III B a nan kontra ranplasan an pou li:

“Apati 1ye Septanm 2022, Ranplasan Alontèm yo pral finalman resevwa yon (1) jou konje maladi pou chak ven (20) jou yo travay. Ranplasan nan gwoup/etablisman yo pral kòmanse chak ane lekòl avèk 9 jou konje maladi yo depoze nan bank yo chak 1ye Septanm. Konje travay la pral akimile soti yon ane rive yon lòt, akondisyon ke pwofesè ranplasan toujou manm nan inite negosiyasyon an. Ou pa kapab itilize konje maladi ki akimile yo pandan w ap travay antanke ranplasan jounalye.

27. **Orè ABA PD:**

Ajoute sa ki vini annapre yo nan fen dezyèm paragaf la ki nan Atik III D a: Omwen yo pral itilize 12 èdtan Devlopman Pwofesyonèl (DP) pou DP sou Edikasyon Espesyal ak Enklizyon pandan Ane Lekòl 2022-2023 a ak Ane Lekòl 2023-2024 la.

28. **Distri a dakò pou regle zafè AAA-0 1-19-0004-2125** lan san presedan, san prejije, san pratik.

29. **Konje Paran ki Peye**

Tout manm ki elijib konfòmman ak ansyen pwopozisyon nan konje paran ki peye a ki kontra a ki pa t pran okenn konje paran epi ki te gen yon evènman admisib soti 1ye Jiyè 2021 rive 31 Out 2022 elijib kounye a pou yon konje paran konfòmman ak nouvo politik la. Pou tout lòt manm yo politik sa Anvigè apati 1ye Septanm 2022:

Siprime Konje pou Matènite ak Gadri a ansanm ak Konje Paran an (Atik VIII Q 5 souseksyon h ak i ki nan kontra pwofesè a) epi ranplase yo avèk sa ki vini annapre yo:

Tout manm elijib ki kalifye, ki anplwaye depi omwen 12 mwa epi ki gen yon estati peman ki gen 1250 èdtan oswa èdtan estanda pwopòsyonèl pandan peryòd 12 mwa avan an, pral gen dwa ak Konje Paran ki Peye, konfòmeman ak Konje Paran ki Peye nan Vil Boston ansanm ak Politik sou Konje Medikal nan Vil Boston. Biwo Kapital Imen an pral gen pou l mentni yon lis èdtan estanda ki pwopòsyonèl yon gwoup anplwaye ak/oswa lekòl la bay. Ou kapab jwenn lis sa nan apendis la. Anplwaye pral elijib pandan jiska 12 mwa konje, kote avantaj Konje Paran ki Peye a kouvri 12 semèn ladan yo. Pou manm ki vin kalifye nan dat 1ye Septanm 2022 yo oswa apre sa a, avantaj yo se:

- 100% salè debaz pou èdtan travay regilye yo pou kat (4) premye semèn konje a;
- 75% salè debaz pou èdtan travay regilye yo pou kat (4) semèn konje k ap vini yo; epi
- 50% salè debaz ki baze sou èdtan travay regilye pou kat (4) semèn konje k ap vini yo.

Anplwaye ki elijib ki chwazi fè sa yo ka itilize konje maladi ki pwolonje ak/oswa tan pèsònèl kòm yon sipleman pou resevwa dedomajman jiska 100% peman debaz pandan nenpòt semèn ke Konje Paran ki Peye a sèlman founi mwens pase 100% peman epi yo ka itilize konje maladi ki pwolonje a ak/oswa tan pèsònèl la pandan jiska 12 mwa, ki gen ladan yo mwa Jiyè ak mwa Out.

Konje paran ki peye sa dwe fèt an menm tan ak Politik sou Konje Medikal BPS la ansanm ak nenpòt lòt absans konje ki aplikab, ansanm avèk sa yo Lwa sou Konje Familyal ak Medikal, Lwa sou Konje Paran nan Massachusetts ak/oswa kontra BTU a kouvri yo.

Sizanka yon manm pa elijib pou konje ki peye a konfòmeman ak Politik sou Konje Paran ki Peye nan Boston oswa Konje Medikal nan Vil Boston nan, manm lan pral gen dwa pou pran yon konje jiska 12 mwa kote yo ka itilize konje maladi ki pa itilize ki akimile yo. Sizanka manm lan pa gen ase konje maladi ki pa itilize ki disponib, konje a ka toujou 12 mwa men y ap peye l sèlman nan nivo kote manm lan gen konje maladi ki pa itilize a, epi yo p ap peye pou rès la.

Konje paran an dwe youn oswa de peryòd konje kontini akondisyon ke de peryòd tan kontini yo konbine pa bay an total plis pase 12 mwa.

Ou dwe pran konje ki nan seksyon sa sou yon lane evènman ki vini annapre yo:

- Ajou yon timoun ki gen pi piti pase 18 lane (oswa ki gen pi piti pase 23 lane ki gen yon andikap) nan fanmi Anplwaye a atravè akouchman, manman ki pote timoun pou moun, adopsyon, plasman nan fwaye dakèy, oswa yon estati oswa plasman legal.
- Yon akouchman ki fèt sou 20 semèn oswa plis nan gwosès la;
- Akouchman, adopsyon oswa plasman plizyè timoun nan fwaye dakèy la an menm tan an konstitiye sèlman yon grenn evènman.

Politik la pa aplike nan ka adopsyon timoun yon nouvo madanm/mari apre maryaj li.

Sendika a renonse dwa li pou l negosye sou desizyon Vil la ak sou nenpòt enpak ki asosye ak desizyon sa pou chanje oswa elimine Politik sou Konje Paran ki Peye a. Vil la pral founi yon avi trant (30) jou bay Sendika a sou nenpòt chanjman ki fèt nan politik sou konje paran an.

Tablo sa yo ap ensere nan apendis la pou Elijiblite Lè Estanda ki Pwopòsyonèl pou Konje Paran an

Gwoup Anplwaye	Orè Kotidyen	Ane Travay (Jounen Reyèl yo travay)	Kantite Jou pou Elijiblite
Estanda	8.00 (oswa plis)	243	156
Pwofesè, Enfimiyè, Oryantasyon, Travayè Sosyal, Bibliyotekè, Sikològ ansanm ak lòt manm ki nan inite negosiyasyon an	7,00	183	117
Ajan Lyezon Familyal	8,00	215	138
Parapwofesyonèl	6,17	183	117
Parapwofesyonèl	6,67	183	117
Parapwofesyonèl	6,84	183	117
Parapwofesyonèl	7,00	183	117
Parapwofesyonèl	7,25	183	117
Parapwofesyonèl	8,00	183	117
Espesyalis ABA	7,50	190	122
Espesyalis ABA	7,50	215	138
Gwoup Subs	7,00	183	117
Gwoup Anplwaye	Orè Kotidyen	Orè Total pandan Ane Travay la	Elijiblite Pa Èdtan
Estanda	8.00 (oswa plis)	1944,00	1250
Pwofesè, Enfimiyè, Oryantasyon, Travayè Sosyal, Bibliyotekè, Sikològ ansanm ak lòt manm ki nan	7,00	1281,00	820

inite negosiyasyon an			
Ajan Lyezon Familyal	8,00	1720,00	1100
Parapwofesyonèl	6,17	1129,11	723
Parapwofesyonèl	6,67	1220,61	781
Parapwofesyonèl	6,84	1251,72	801
Parapwofesyonèl	7,00	1281,00	820
Parapwofesyonèl	7,25	1326,75	849
Parapwofesyonèl	8,00	1464,00	937
Espesyalis ABA	7,50	1425,00	912
Espesyalis ABA	7,50	1612,50	1032
Ranplasan nan Gwoup	7,00	1281,00	820

[Ensere lang anwo a nan Konje Paran Peye nan lòt twa akò yo nan kote ki apwopriye a.]

30. **Gwoup II**

Retire tout referans yo nan Gwoup II a, yon kategori salè ki pa itilize ankò a, konsa:

1. Ane Travay

Efase tèks ki vini annapre a nan paj 50 lan (Atik V E. 2. (c)) a:

“(c) Pèsonèl Gwoup II a

Ane travay pou pèsonèl Gwoup II a ap egal jiska twa (3) jou anplis ane travay regilye pwofesè a. Y ap pwograme jou sa yo pandan semèn nan avan oswa apre ane travay regilye pwofesè a. Pèsonèl Gwoup I a ki travay nan menm pòs yo ka pwograme tou pou twa (3) jou anplis ane travay regilye pwofesè a, pandan semèn nan avan oswa apre ane travay regilye 2 pwofesè, kote yo pral touche anplis nan to kotidye regilye yo.”

2. Pwogram ELT

Nan paj 54 la (Atik V E. (. (F)) la, efase mo “salè Gwoup I oswa Gwoup II a” nan paragraf F la.

3. Pwomosyon

Nan paj 75 la (Atik V I. 2. (c) ak (d)), efase dispozisyon ki vini annapre yo:

“(c) Lis Gwoup II yo Apati 1ye Septanm 1969, tout pwochen lis yo etabli pou deziyasyon nan pòs Gwoup II ap fèt selon klasman.

(d) Elijiblite Nenpòt moun ki Gwoup II ki te sèvi nan Sistèm Lekòl Boston nan atravè de (2) evalyasyon ki fèt chak de lane pral elijib pou nenpòt pòs ki siperyè ak Gwoup II a .”

Lè w ap siprime eleman sa yo, w ap gen pou modifeye paragaf (e), (f), ak (g) yo ankò.

4. Longè Sèvis

Nan paj 98 (Atik VIII A. 4. (b)) a, siprime mo "nan Gwoup I ak Gwoup II a" nan 4 la. (b). 3

5. Avansman pa Etap

Epitou nan paj 98 la (Atik VIII A. 5 (a) a), siprime tèks ki vini annapre a kòm yon eleman initil nan absans referans Gwoup II yo:

(a) Tout moun ki okipe ran ki mansyone nan Gwoup I a, ki touche yon salè maksimòm nan dat 31 Out 1997 pral avanse nan salè maksimòm nan Group I an, nan dat 1ye Septanm 1997 la epi sa ki touche yon salè maksimòm 31 Out 1998 la, pral avanse nan salè maksimòm nan Group I an, nan dat 1ye Septanm 1998. Tout moun ki touche salè maksimòm lan nan dat 1ye Septanm 1998 la pral avanse nan salè maksimòm lan nan Gwoup I an nan dat 1ye Septanm 1999.

Lè w ap siprime eleman yo, w ap gen pou modifeye (b), (c), ak (d) yo ankò.

Nan paj 99 (Atik VIII A. 5. (c)) a, siprime mo "nan Gwoup I ak Gwoup II a" nan 5 la. (c) nan tèt paj la.

6. Avansman Vwa

Nan paj 102 (Atik VIII D. 5. (a)) a, siprime mo "pou Gwoup I ak Gwoup II a" nan 5 la. (a). Mo "kredi" a dwe kòmanse avèk yon lèt majiskil pwiske li vin premye lèt nan fraz la akòz efasman ou fè a.

7. Orè Salè

Nan paj 103-104 la, siprime Orè Salè Gwoup II a (Atik VIII. E.) konplètman.

8. Pòs yo Okipe

Nan paj 104 (Atik VIII. F. 1.), siprime mo "nan Gwoup I ak II a" nan de paragaf F. 1 yo. 4

9. Pwofesè ki An Chaj

Nan paj 105 (Atik VIII, F. 3), siprime mo "nan Gwoup I ak II a" nan premye paragaf la.

10. Prim pou Karyè

Nan paj 112 (Atik VIII N), siprime mo "oswa apre w fin atenn Gwoup II a".

31. Transpò Piblik

Anvigè pou ane kalandriye 2022 a, tout anplwaye atan plen Akò sa kouvri yo gen dwa ak yon sibvansyon enpo davans ki egal 65% lese pase MBTA chak mwa jiska yon valè avan enpo ki egal \$232, yon Enskripsyon Bluebikes gratis pou anplwaye a ansanm ak \$200 pou mentnans bekàn ansanm ak avantaj pou reparasyon. Fòmilè pou gen aksè ak avantaj yo pral disponib sou pòtay Beacon nan. Pati yo dakò pou Vil la gen yon dwa inilateral pou amande, modifye ak revize chak mwa lese pase MBTA avan enpo ansanm ak avantaj pou bekàn yo administre atravè sistèm Access Boston Vil la.

Pou yo kapab elijib, anplwaye yo dwe resevwa lese pase chak mwa yo atravè pwogram dediksyon pewòl Vil Boston nan. Nenpòt lese pase yo jwenn atravè pwogram sa p ap kapab transfere.

31. **Menaj**

Pati yo dakò pou yo reyini pou yo kapab idantifye ak efase tèks ki pa itil nan kontra a. Travay sa pral fini disi 1ye Septanm 2023 oswa avan sa a.

Pwotokòl Akò sa a depann de ratifikasyon Sendika Pwofesè Boston yo ansanm ak apwobasyon Komite Lekòl Vil Boston yo. Li depann tou de finansman atik depans Konsèy Vil Boston nan konfòmeman ak G.L. c. 150E, §7(b). Si BTU a pa ratifye akò a oswa Komite Lekòl la apwouve li, oswa si Konsèy Vil la rejte finansman atik depans premye ane yo, yo pral gen pou yo retounen bay pati yo pou plis negosiyasyon.

Lekòl Piblik Boston yo

Sendika Pwofesè Boston yo

Pa: _____
Drew Echelson
Sipèrentandan ki An Fonksyon

Pa: _____
Jessica Tang
Prezidan

Dat: _____, 2022

Dat: _____, 2022